*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№170 (26622)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 17 сентябрь – рухæны мæйы 17 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БЫНÆТТОН ХИУЫНАФФÆЙАД
*...Адæмы царды нывыл уавæртæ*

3 ТЕАТРЫ ФИДАУЦ
*Æнæферохгæнгæ курдиаты цæхæр*

4 АЛАГИРЫ РАЙОНÆЙ
*Инспекторты фембæлд скъоладзаутимæ*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**Æмбырд**

## Горæты арæзтад æмæ архитектурæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæг Сергей МЕНЯЙЛО амыдта Горæтаразæг советы æмбырд. Архайдтой дзы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг ОТАРТЫ Георги, арæзтад æмæ архитектурæйы министр БЕТАНТЫ Марат, горæтаразæг къабазы дæсны архитекторт æмæ специалисттæ.**

Æмбырды ныхас цыд къабазы рæзты ахсджиаг фарстатыл, сæ куысты цы лыггæнинаг фарстатыл сæмбæлынц, æмæ сæ куыд алыг кæнæн ис, ууыл.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, сæйрагдæр хæстæй иу у, республикæйы фæзуæтты рæзт, хъæутæ æмæ горæтты архитектурон æддаг бакастмæ иумæйаг цæстæнгас аздахын.

– Горæтаразæг советы сарæзт – ахсджиаг æмæ хъæугæ хъуыддаг у. Фæстаг æртын азы дæргъы иумæйаг горæтаразæг политикæ зæрдæрайгæ нæ уыд. Абон мах хъæуы горæты арæзтады иумæйаг уагæвæрдтыл бакусын. Хъуамæ æмбарæм, горæты архитектурон бакаст куыд рæзы, уый. Уый канд хицæн объекттæм нæ хауы, фæлæ территорийы комплексон рæзтмæ дæр, сæ хицæндзинæдтæ сын бахъахъхъæнын, национ бакаст æмæ историон-культурон бынтæ, хæрзвадат горæтаг алфамбылай фæзуат саразын, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Республикæйы Сæргълæуууæг бахахх кодта, горæтаразæг нысантæм тырнгæйæ, территориты рæзты нырыккон домæнтæ куыд ахсджиаг сты, афтæ хъуыдыйаг сты Цæгат Ирыстоны архитектурон хицæндзинæдтæ дæр.

Горæтаразæг советы хæс у, ахсджиаг проекттыл æмæ республикæйы рæзты фарстатыл профессионалон ныхас кæм цæудзæн, ахæм фæзуат суæвын, æрбаиу кæнын хицаудзинады органты минæвæрттү, архитектурон æхсæнад æмæ профилон специалистты.

Советы уæнгтæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй абон регионалон хицауад стыр æргом здахы горæты арæзтад æмæ архитектурæйы фарстатæм. Афтæ, цæрджытæ æхсызгонæй сæмбæлдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæджы хъæппæрисыл, 2026 аз республикæйы Архитектурæйы азæй кæй расидт, ууыл. Уый сразæнгард кодта къабазы рæзтæн æрыгон курдиатджын кадртæ бацæттæ кæнын, горæты арæзтадмæ æргом раздахынмæ.

Æмбырды бæрæггæнæнтæм гæсгæ йæ архайджытæ снысан кодтой Цæгат Ирыстоны горæтаразæг политикæйы дарддæры куысты сæйрагдæр фарстатæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Фембæлд**

## Нывгæнæг æмæ цард

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд нæ республикæйы сгуыхт скульптор ДЗБОЙТЫ Михал æмæ нæ республикæйы сгуыхт нывгæнæг ХАЙТЫ Ибрагимимæ.**



Цæгат Ирыстоны разамонæг базонгæ дæсны æмæ курдиатджын «мастерты» куыстытимæ. Авторты сфæлдыстад кæрæй-кæронмæ баст у нæ национ бындур – культурæ æмæ традицитимæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты истори æмæ нæ зындгонд æмзæххонты нæмттæ зæрдылдарыны темæтимæ. Фембæлды архайджытæ хицæнæй æрныхас кодтой фидæны проекттæ æмæ равдыстытыл. Сергей Меняйло фæнысан кодта мадзæлтты ахадындзинад, æмæ бузныджы ныхæстæ загъта скульптортæн, нæ истори бахъахъхъæнын æмæ аивады рæзтмæ зынгæ æвæрæн кæй хæссынц, уый фæдыл.

– Ахсджиаг у, нæ нывгæнджытæ æмæ скульпторты куыстытæ канд Цæгат Ирыстоны нæ, фæлæ арæхдæр æвдыст цæуой æндæр рæтты дæр. Махмæ бирæ курдиатджын дæснытæ ис æмæ сын æххуыс кæндзыстæм сæ проекттæ царды рауадзынæн, фадæттæ сын араздзыстæм, цæмæй сын сæ куыстытимæ фылдæр адæм зонгæ кæной, – загъта Сергей Меняйло.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Проект**

## Технологон хъуыдыкæнынад рæзы

**Зындгонд куыд у, афтæмæй 2024 азæй фæстæмæ Мæздæджы 3-æм скъолайы бавнæлдтой æнæтæхæг авиацион системæты аппараттæ ахуыр кæнынмæ. Уыдæттæ къухы бафтыдысты æнæтæхæг авиацион системæты аппараттимæ баст национ проекты фæрцы.**

Проекты фæлгæты скъоладзаутæ бæлвырд ахуыр кæнынц æнæтæхæг авиацион системæты аппараттæ, се сконд, сæ куысты фæтк, зонгæ кæнынц аппаратты тахтимæ, разамынд сын дæттынимæ. Уыдæтты фæрцы ахуырдзаутæ се 'ргом аздæхтой нырыккон техникон фæрæзтæм. Къорды ис 117 ахуырдзауы.

Ахуыры азы кæрон скъоладзаутæн æппæт хъуыддæгтæ амонын райдыдта хæстон фæлтæрддзинадимæ хæстон-патриотон хъомылады фарстатæн бæрнон, директоры уынаффæгæнæг **Рамиз Ильязов**. Уый практикон æгъдауæй амоны æнæтæхæг авиацион системæты аппаратты хицæндзинæдтæ, ахуырдзаутæ свæййынц практикон фæлтæрддзинæдты хицæуттæ.

Къорды ахуыргæнæг куыд зæгъы, афтæмæй сывæллæттæ тынг разæнгардæй архайынц, æнæтæхæг авиацион системæты аппараттæ сæм æвзæрын кæнынц цымыдис ахаст. «Сывæллæттæ ног зонындзинæдтæм сты къæрцхъус, аппараттæм дарддæр дæр æргом здахдзыстæм», – фæбæрæг кодта директоры уынаффæгæнæг.

Ахæм ахуыртæ сывæллæттæн хорз ахъаз хæс-




тæн разамынд дæттыныл ахуыр кæнынц, аргъ кæмæн нæй, ахæм фæлтæрддзинад сæм фæзынд. Зонындзинæдтæ райсынæй уæлдай ма сæ практикон æгъдауæй дæр æвдисынц. Техникон сфæлдыстадмæ, нырыккон технологисынц, сæ техникон хъуыдыкæнынад рæзы, нырыккон технологитыл хæст сты.

**Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Медицинон ахуырадæн



**Суинаг дохтыр хъуамæ рынчынтæм æрбацæуа фидар зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинадимæ. Хуссар Ирыстоны Сæргълæуууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ХЪАМБОЛТЫ Марат радзырдта, Цхинвалы Карсанты Василийы номыл медицинон училищæйы студенттæн цас ног фадæттæ фæзынд, уый тыххæй.**

– Августы кæрон Уæрæсейы ахуырады министр **Сергей Кравцовимæ** иумæ бабæрæг кодтам училищæ. Федтам, медицинон кадртæ цавæр уавæрты цæттæ кæнынц: æнæмæнгхъæугæ ифтонггарз, нырыккон ахуыргæнæн чингуытæ æмæ методикон литературæйæн дзы сæ кой дæр нæй. Зæрдæ нын бавæрдта æххуысæй, – загъта Хъамболты Марат.

Абон училищæ райста 1400 иуæджы ифтонггарз æмæ кусæнгарз, 200 та ма райсдзысты хæстæгдæр рæстæг.

– Ис дзы медицинон тренажертæ, симуляцион комплекстæ, компьютертæ, ахуыргæнæн чингуытæ æмæ атластæ. Сæ иумæйаг аргъ у 30 милуан сомы бæрц, – радзырдта уый.

Хъамболты Мараты ныхасмæ гæсгæ, ног ифтонггарз студенттæн фадат ратдзæн сæ фæлтæрддзинадыл кусынæн æмæ, рынчындоны цы алыхуызон уавæртæ сæвзæры, уыдонмæ цæттæ уæвынæн.

– Уыцы нымæцтæ сты – фæлтæрддзинадыл бакусыны мадзал, рынчындоны цы алыхуызон уавæртæ сæвзæры, уыдонмæ цæттæдзинад. Уыцы цæттæдзинады хæрзхъæддзинадæй аразгæ уыдзæн, цæрджытæ цавæр медицинон æххуыс исдзысты, уый, – фæбæрæг кодта Хъамболы-фырт.

Училищæйы ахуыр кæнынц 136 суинаг медицинон хо æмæ æфсымæры, уыдонæй 30 бацыдысты ацы аз.

– Республикæйæн ахсджиаг у, цæмæй фæсивæдæн сæ бон уа профессион дæснийад ам райсын, æмæ уый фæстæ нæхи медицинон уагдæтты кусын, – фæнысан кодта регионы разамонæг.

Сергей Кравцов дæр видеобастдзинады фæрцы сразы уыцы хъуыдыимæ æмæ фæбæрæг кодта, уый фыццаг æххуысы къæпхæн кæй у, æмæ дарддæр дæр æххуыс кæй кæндзысты.

– Бузныг зæгъын Уæрæсейы ахуырады министрад æмæ Сергей Кравцовæн йæхицæн, фонд «Моя история»-йæ се 'ххуысы тыххæй. Цы дзырд радтой, уый сæххæст кодтой – Хуссар Ирыстоны суинаг медиктæ цæуыл ахуыр кæндзысты, ахæм ног ифтонггарз райстам, – бахахх кодта Хъамболты Марат.

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

### Дзырды фарн

***Рæстдзинад у царды æцæг хъæр, фæлæ йæ алчи не 'мбары.***

*ÆМБИСОНД*

**Боныхъæд** Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **17 сентябры** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **13-22 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 12,25** Хурыскаст — 05,43 Хурныгуылд — 18,08

**Валютæйы аргъ** Доллар — 84,24 Евро — 97,03

12 +

Бынæттон хиуынаффæйад

# Сæ куысты бæрæггæнæн – адæмы царды уавæртæ

**Ацы рубрикæйы бынмæ рæстæгæй-рæстæгмæ равзарæм республикæйы иу кæнæ иннæ муниципалон сконды уавæр. Æрныхас кæнæм бынæттон адæмы царды уавæртыл, куыд цæрынц, цæмæй тыхсынц, науæд сæ цардæй разы цæмæй сты, æппæт уыцы фарстатыл. Ацы хатт нæ афæлгæст у Дыгуры районыл.**

Уæлдæр ранымад фарстатыл ныхас кодтой, амæй-размæ нæ республикæйы Парламенты Советы уæнгтæ Дыгуры районы цы æмбырд сарæзтой, уым дæр. Сæйраг рыныхасгæнæг дзы уыд районы сæргълæууæг **Цагъаты Сослан**, æмæ куыд загъта, афтæмæй ныртæккæ не 'ппæт дæр цæрæм, нæ бæстæйы историйæн ахсджиаг, цымыдисаг æмæ вазыгджын чи у, ахæм рæстæджы. Не 'мзæххонтæй бирæтæ сыстадысты æмæ æрлæууыдысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты æмрæнхъ. Организацитæ æмæ куыстуæтты коллективтæ, Парламенты æмæ Минæвæртты Æмбырды депутаттæ, амалхъомтæ, бархионтæ, йæ зæрдæ райгуырæн бæстæйыл кæмæн риссы, ахæм хицæн адæймæгтæ æххуыс кæнынц æфсæддонтæн æмæ сæ бинонтæн, æрвитынц гуманитарон æххуыс фронтмæ. Уый дзурæг у, æфсад æмæ адæм иу кæй сты, уыыл.

## Бюджет

Муниципалон районы экономикон нывылдзинадæн йæ фыццагдæр бæрæггæнæн у бюджетæй – куыд йе 'фтиæгтæй, афтæ йæ хæрдзтæй – хæдзардзинæй пайда кæныны фарста. Уыцы хъуыддаг сæххæст кæнын къухы кæй бафтыд, уый фæрцы районы лыггонд цыдысты ахсджиаг фарстатæ: бюджетон къабазы кусджытæ афоныл истой сæ мызд, социалон хæстæ дæр æххæстгонд цыдысты.

Ивгъуыд азы районы бюджеты æфтиæгтæ рауадысты 839 096 мин сомы, кæнæ та пъланы 101 проценты, хæрдзтæ та – 831 474 мин сомы, кæнæ пъланы 98 проценты. Уыимæ, хи æфтиæгтæ рауадысты 224 349 мин сомы. Хæрдзтæн сæ фылдæр хай баст уыд адæмæн мызд æмæ артаджы-энергихæссæг фæрæзтæн фидынимæ, стæй республикон æмæ муниципалон нысанмæарæзт программæтæ æххæст кæнынимæ.

Ацы бонмæ мызд æмæ коммуналон лæггæдтæн фидынæй, социалон бафыстытæ, алыхуызон программæты мадзæлттæ æмæ æндæр хæстæ æххæст кæнынæй район хæстæ нæ дары.

## Национ проекттæ

«2024 азмæ Уæрæсейы Федерацийы рæзты национ хæстæ æмæ стратегион нысанты тыххæй» Уæрæсейы Федерацийы Президенты Указ æххæст кæнгæйæ, Дыгуры район царды уагъта цалдæр национ проекты.

**«Хъæууон территориты иумæйаг райрæзт»**-ы паддзахадон программæйы фæлгæты (программæ ахицæн уыдзæн ацы азы кæрон) Дур-Дуры арæзт цæуы, сывæллæттæн 120 бынаты кæм ис, ахæм рæвдауæндон; Дур-Дуры 2-æм астæуккаг скъола бындуронæй рацарæзтой; Дур-Дуры ма арæзт цæуы спортивон зал; ивгъуыд аз та кæронмæ ахæццæ сты Дигорайы 2-æм рæвдауæндоны æмæ Дигорайы 2-æм астæуккаг скъолайы бындурон рацарæзты куыстытæ; Дур-Дуры уынгты фæзынд рухсгæнæнтæ.

**«Горæты нырыккон бакаст аразын»**-ы программæмæ гæсгæ Дигорайы базылдысты дыууæ æхсæнадон фæлладуадзæн бынатмæ æмæ бирæфатерон хæдзары кæртмæ.

**«Дыгуры районы фæндæгты хæдзарад райрæзын кæнын»**-ы программæйы фæлгæты базылдысты Дигорайы уынгтæй цалдæрмæ. Æдæппæт 2025 азы сæххæст кодтой 340 милуан сомæй фылдæры аргъ куыстытæ. Уый у, уымæй размæйы азимæ абаргæйæ, дæс хатты фылдæр.

## Адæмæн цæрæнхæдзæрттæ дæттыны фарста

Адæмы хицæн къордтæн цæрæнуæттæ дæттыны программæ районы æххæстгонд цæуы ныр цалдæр азы дæргъы. 2025 азы муниципалон программæ «2025-2027 азтæм Дыгуры районы æрыгон бинонтæн цæрæнуæттæ дæттын»-ы фæрцы паддзахадон æххуыс радтой æртæ бинонтæн.

Уымæй уæлдай, 2025 азы адæмы сæ кæлæддзаг хæдзæрттæй ног цæрæн бынæттæм раивыны программæ районы æххæстгонд æрцыд. Ног бынæтты æрцардысты 29 адæймаджы, компенсацион бафыстытæ рауадысты 46 милуаны æмæ 674 мин сомы.

## Хъæууон хæдзарад

Хъæууон хæдзарад у районы рæзты сæйрагдæр рахæцæн, уымæ гæсгæ йæм цæуы фылдæр æргомздæхт. Хъæууонхæдзарадон нысаниуæджы зæххытæ районы сты 21 669 гектары, уыдонæй хуымзæххытæ – 14 6127 гектары, хосгæрдæнтæ – 1 986 гектары, хизæнуæттæ – 5 038 гектары æмæ 28 гектары ахсынц бирæазыккон зайæгойтæ.

Аграрон къабазы архайынц 79 хъæууон-хæдзарадон куыстгæнæджы, уыимæ: хъæууонхæдзарадон кооперативтæ – авд, æнæхххæст бæрнондзинады æхсæнадтæ – 13, фермерон хæдзарæдтæ – 59.

Ивгъуыд аз район байтыдта нартхоры 14 470 гектары, 218 гектары – соя, 935 гектары æхсынæнтæ æмæ 25 гектары хъæбæрхоры фæззыгæндтæ.

Субсидиты хуызы хъæууонхæдзарадон куыстгæнджытæн фæстаг азты ис хорз æххуыс паддзахады 'рдыгæй, уыимæ, уыцы æххуыс азæй-азмæ кæны фылдæр. Афтæ, 2021 азы кæд 34 милуаны æмæ 389 мин сомы уыд, уæд 2024 азы та – 206 милуаны æмæ 127 мин сомы.

Хъыгагæн, боныхъæды уавæртæ арæх фехалынц хъæууонхæдзарадон куыстгæнджытæн сæ пълантæ. Зæгъæм, ацы сæрды хус рæстæг тынг бахъыгдардта нартхоры тыллæг.

Фосдарынады куыст райрæзын кæнынæн хорз гæнæнтæ аразы республикæйы Хъæууон хæдзарады министрад. Афтæ, районы фосдарынады куыст кæнынц, гранттæ лæвæрд кæмæн æрцыд, 14 ахæм адæймаджы. Сæ хæдзарæдты уыдон дарынц æдæппæт 1 460 сæры æмæ фыстæ – 3 820.

Хоры культуртæ дарынæн æмæ сæ бакусынæн районы гæнæнтæ сты бирæ. Уыдон сты авд элеваторы, сæ хъомысмæ гæсгæ дзы дарæн ис 150 мин тоннæйы хор. Хъуаг не 'ййафынц хæдзарæдтæ хъæууонхæдзарадон техникæйæ дæр.

## Æнæниздзинад хъахъхъæнынад

Адæмы æнæниздзинад аразгæ у, медицинон кусæндæттæ цы уавæры сты æмæ куыд архайынц, уымæй. Дыгуры районы центрон рынчындон ивгъуыд аз цы лæггæдтæ фæкодта, уыдон, 2024 азимæ абаргæйæ, уыдысты æхсæз проценты фылдæр. Стационар кусы нывыл уавæрты. Ацы азы фыццаг æмбисы йе 'ххуыс бахъуыд 1 212 рынчыны. Фæлæ диагностикон мадзæлттæ куыд арæзт цæуынц, уыцы хъуыддаг зæрдæмæдзæугæ нæма у. Зæгъæм, УЗИ-йы аппарат кæй фехæлд, уый аххосæй ивгъуыд аз зæрдæ æмæ дадзинты низтимæ баст иунæг рынчынæн дæр рынчындонæн йæ бон баххуыс кæнын нæ баци. Электрон диагностикæ кæй хъуыд, уыцы рынчынтæн дæр се 'ппæтæн баххуыс кæнын къухы нæ бафтыд.

Уый хыгъд, федералон, стæй республикон льготæтæй пайда чи кæны, ахæм рынчынтæ дзæбæхгæнæн хостæй хъуаг не 'ййæфтой.

Йæхи хорз равдыста программæ «Хъæууон дохтыр». 2023-2025 азты районмæ кусынмæ æрбацыд авд æрыгон специалисты – офтальмолог, ЛОР, травматолог, анестезиолог, кардиолог, педиатр æмæ терапевт.

Демографион уавæр районы иудадзыг кæны ивгæ. Ныртæккæ районы цæрджытæ сты 18,5 мин адæймагмæ хæстæг. Сæйраг хæс у саразын экономикон, социалон æмæ медицинон æмбæлгæ уавæртæ, цæмæй сывæллæттæ фылдæр гуыра, адæм та мæлой къаддæр.

## Фæндæгтæ

Машинæты фæндæгтæ районы сты 359 километры, уыдонæй 84 километры сты регионалон (муниципалитетты 'хсæн) нысаниуæджы, 275 та – бынæттон нысаниуæджы фæндæгтæ. Регионалон нысаниуæджы фæндæгты 84 километрæй нормативон домæнтæн дзуапп дæттынц æрмæстдæр 48 километры. Бынæттон фæндæгты 275 километрæй та нормативон домæнтæн дзуапп дæттынц æрмæстдæр 64 километры, кæнæ та сæ 23 проценты.

Федералон закъонæвæрынадмæ гæсгæ, бынæттон нысаниуæджы машинæты фæндæгтæ дарынил æмæ сæ уавæрыл дзуапп дæтты бынæттон хиуынаффæйады администраци. Фæлæ уыцы хæс цæмæй æххæст кæной, уымæн фылдæр хатт районы бюджеты æфтиæгтæ фаг нæ вæййынц. Ацы ран хорз уаид, закъонæвæрынад цы гæнæнтæ амоны, уыдонæй спайда кæнын, зæгъæм, зæххы хæйттæ хаццоны дæттын, рекламæтæ æвæрын æмæ æндæртæ (257 федералон закъоны 34 статья). Уæдæ район фæндæгтыл цы хæрдзтæ кæны, уым сын æххуыс кæны республикон бюджет дæр. Афтæ, ивгъуыд аз фæндæгтæ рацаразынил районæн дихгонд æрцыд 45 450 650 сомы. Уыдонæй 33 566 650 сомы сты республикон бюджетæй, 11 884 000 сомы та – бынæттон бюджетæй.

Ацы азмæ та фæндæгтæ рацаразынæн районæн хъуамæ лæвæрд æрцæуа 36 977 428 сомы, уыдонæй 21 183 900 сомы сты республикон бюджеты æхца, 15 793 528 сомы та – бынæттон бюджеты æхца.

Куыдфæнды куы уа, уæддæр бынæттон хиуынаффæйады администраци, районы фæндæгтæ техникон æмæ сæ пайда кæныны домæнтæн дзуапп цæмæй дæттой, уымæн мадзæлттæ аразынил хъуамæ архайа.

## Социалон æххуыстæ

Адæмы царды нывыл уавæртæ аразгæ сты, социалон æгъдауæй сын цавæр æххуыс ис, уымæй. Ацы хъуыддаджы сæйраг æргом аздахын хъæуы хистæр кары адæммæ æмæ, æххуысхъуаг чи æййафы, ахæм сывæллæттæ æмæ бинонтæм. Уыцы архайд районы кæны Цæрджытæн социалон æгъдауæй лæггадгæнæг центр. Ацы ран кусы цæугæ бригад æмæ æххуыс кæны, 65 азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, хъæуты ахæм цæрджытæн. Сæ куыст æххæст кæнынц федералон проект «Хистæр кары адæм» æмæ национ проект «Бинонтæ»-йы фæлгæтты. Ивгъуыд аз бригады уæнгтæ 60 хатты ацыдысты карджын адæмæн сæ хæдзæртты бæлæггад кæныны тыххæй æмæ баххуыс кодтой 300 адæймагæн.

Районы куыст цæуы сывæллæттæ æмæ æнахъомты фæлладуагъдыл æмæ се 'нæниздзинад фæфидардæр кæнынил.

Ивгъуыд аз аст сидзæр сывæллонæн лæвæрд æрцыд цæрæн хæдзæрттæ (2024 азы фатертæ райстой æрмæстдæр дыууæ сывæллоны). Ацы аз дæр сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæр уыдзысты æхсæз ахæм æрыгон адæймагæн, уыдонæй æртæ сты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ. Рады ма чи лæууы æмæ цæрæн хæдзармæ æнхъæлмæ чи кæсы ахæмтæ ма ис, фæлæ уыдоны фарста алыг кæнынил дæр район архайдзæн дарддæр.


Дур-Дуры ног рæвдауæндон





Дур-Дуры скъола-интернат «Надежда»-йы æрыгон футболисттæ


Николаевскы станицæйы ног амбулатори

## Ахуырад

Дыгуры районы кусынц 22 организацийы: дæс скъолайы, фараст рæвдауæндоны æмæ уæлæмхасæн ахуырады æртæ уагдоны. 2025-2026 азты муниципалон программæйы бæрæггæнæнтæ æххæстгонд æрцыдысты. Районы фæзынд ног рæвдауæндæттæ, скъолатæ æрцыдысты бындурон рацарæзт. Пъланы хæстæ фыст сты 2029 азмæ.

Районы дарддæр æххæстгонд цæуынц национ проекттæ «Ахуырад» æмæ «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ». Æппæт скъолаты дæр сæ куыст кæнынц æрдзонынадон-наукон æмæ технологон «Рæзты тæлмытæ»-йы центртæ. Сæ ахуырдзаутæ сты минæй фылдæр, алыхуызон олимпиадæты равдисынц бындурон зонындзинæдтæ æмæ сæ къухы бафтынц иттæг хорз бæрæггæнæнтæ. Уæдæ рæвдауæндæтты кой куы кæнæм, уæд Дигорайы 1-æм рæвдауæндон ныр æртыккаг хатт фæдфæдыл нымад цæуы Уæрæсейы хуыздæр рæвдауæндоныл.

Проект «Алы сывæллоны æнтыст»-ы фæлгæты арæзт æрцыд уæлæмхасæн ахуырады 1 100 бынатæй фылдæр. Уæлæмхасæн ахуырад аххæссыд районы сывæллæтты 99 процентыл. Скъолаты ис профилон æмæ профилы агъоммæйы кълæстæ, уыимæ, кадетты кълæстæ, IT æмæ педагогон кълæстæ. Скъолаты стыр æргом здæхт цæуы кæстæрты патриотон хъомыладмæ. Арæх саразынц лæгдзинады уроктæ. Амонæг дзы вæййынц сæрмагонд операцийы архайджытæ.

Фæлæ ахуырады къабазы ис лыггæнинаг фарстатæ дæр. Скъолаты нæ фаг кæнынц психологтæ. Иуæй-иу скъолаты хъæуы ахуырадон куыстæн æххуысгæнæг дзаума, оргтехникæ, спортивон фæрæзтæ снoг кæнын.

Алыхуызон предметты ахуыргæнджытæй районы скъолатæ хъуаг не 'ййафынц. Ивгъуыд аз программæ «Хъæууон ахуыргæнæджы» фæрцы районмæ кусынмæ æрцыд уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, кусын ма райдыдтой аст æрыгон ахуыргæнæджы.

## Културæ

Културæйы къабаз районы парахат кæны республикон паддзахадон программæйы фæрцы. Афтæ, æрвылазон субсидиты æххуысæй фæфидар культурæйы хæдзæртты материалон-техникон бындур, фыццаджыдæр, фæхуыздæр сты районы Культурæйы хæдзары æмæ Дигорайы Сывæллætты аивæдты скъолайы гæнæнтæ. Районы центрон библиотекæ та æрбынат кодта ног бæстыхæйы, æрæвæрдтой дзы ног хæдзарыдзаума æмæ ног техникæ.

Фæлæ культурæйы иуæй-иу кусæндæтты уавæртæ æмæ сæ гæнæнтæ нырмæ сты рацаразинаг. Афтæ, Мостыздæхы бынæттон клуб ис кæлæддзаг уавæры, цалцæггæнæн ын нал ис, уымæ гæсгæ културон мадзæлттæ арæзт цæуынц хъæуы спортивон комплексы. Сæ библиотекæ дæр домы бындурон цалцæг, зымæг дзы фæлæууæн нæй, уымæн æмæ дзы хъармгæнæнтæ нæ кусынц. Хъарман-Сындзыхъæуы културæйы хæдзар иуцасдæр рæстæджы размæ æрцыд бындурон рацарæзт, фæлæ хъуаг æййафы йæ материалон-техникон бындур. Районы цы авд библиотекæйы ис, уыдонæй æрмæстдæр æртæ баст сты интернетимæ. Компьютерон техникæйæ дæр æххæст не сты.

Уымæ гæсгæ республикæйы Парламент фæндон хæссы республикæйы Хицауадмæ, цæмæй программæ «Арæзтад»-ы фæлгæты културæйы хæдзæрттæ районы саразынæн дихгонд æрцæуа хъæугæ фæрæзтæ.

Фæлæ зындзинæдты сæрты хизгæйæ, районы библиотекæтæ уæддæр архайынц ахадгæ куыст кæнынил, аразынц бæстæзонæн цымыдисаг проекттæ, æмбырд кæнынц се 'мзæххонты тыххæй историон æрмæджытæ, кæнынц фембæлдтытæ фæсивæдимæ.

## Спорт æмæ фæсивæдон политикæ

Физкультурæйы къабазы районы сæ куыст æххæст кæнынц 37 спортивон организацийы, иу спортивон комплекс, æртæ стадионы, 12 спортивон залы æмæ 20 спортивон фæзы. Зæгъæн ис, æмæ спортæй архайынæн районы арæзт æрцыд æппæт уавæртæ дæр.

Фæсивæдон политикæ æмæ алы адæмыхæттыты 'хсæн ахастдзинæдтæн сæ фыццаградон нысан у æрыгæтты патриотон хъомылад, æнæниз цардыуагмæ, æхсæнадмæ æмæ социалон цардмæ, бархионты змæлдмæ се 'ргом здахынил архайд, экстремизм æмæ терроризмы профилактикæйы мадзæлттæ аразыны хъуыддаг.

Районы цæрынц 26 адæмыхаттæй фылдæры минæвæрттæ. Кæрæдзи ныммайын, кæрæдзийæн быхсын æмæ кæрæдзийæн аргъ кæныны нысанимæ районы арæзт цæуынц фестивалтæ, фембæлдтытæ, конкурстæ. Алы динтæ, алы нациты бæрæгбон районы цæрджытæн свæййы иумæйаг бæрæгбон.

Бынæттон хиуынаффæйад куыд кусы, бынæттон фарстатæ иумæ лыг кæнынил куыд архайы, уый æрвылбон уынынц муниципалон районы, уыимæ, Дыгуры районы цæрджытæ дæр. Аргъгæнæг дæр сын сты адæм. Уымæ гæсгæ районы разамынды æнтыстджын архайдæн йæ хуыздæр бæрæггæнæн у, адæмы царды уавæртæ хуыздæр куыд кæнынц, уый.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Театры фидауц

# Æнæферохгæнгæ курдиаты цæхæр…

**Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры мидисджын, нуарджын æмæ хъæздыг сфæлдыстадон азфысты йæ ном зæрин дамгъæтæй цы артисттæн фыст æрцыд, аивадуарзджыты бирæ фæлтæртæ абон дæр зæрдæрухсæн æмæ æхсызгонæн кæй ном мысынц, уый у театр æмæ кинойы номдзыд актрисæ, ЦИАССР-йы æмæ УСФСР-йы адæмон артисткæ Хъæрджынты Савелийы чызг Варварæ.**




Йæ алы рацыд дæр профессионалон театры сценæмæ уыд аивадуарзджыты бирæ фæлтæртæн стыр бæрæгбонау цин æмæ амондхæссæг. Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæ Варварæйы театры аивадæн раттой нæ дзыллæйæн, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд рæдыд нæ уыдзæн.

Фидæны номдзыд актрисæ райгуырд 1908 азы 28 декабры Цæгат Ирыстоны Садоны поселочы. Йæ фыд Хъæрджынты Савели уыд йæ рæстæджы ахуыргонддæр æмæ размæдзыддæр лæгтæй иу. Æнтыстджынæй каст фæци Æрыдоны дины семинар æмæ Харьковы паддзахадон университеты медицинон факультет. Ахуыр, чиныг уарзын æмæ адæмы æхсæн æгъдау æмæ уагыл цæрыны æмбарынад бауагъта йæ цоты, семæ та Варварæйы зонды æмæ зæрдæйы. Варварæйы мад Ханысиат дæр уыд ирон æгъдау æмæ намысыл æнувыд, æрдзон æмæ ахуыры зондæй хайджын сылгоймаг.

Хæрзæвзонг ма уыд Варварæ, уæд Садоны поселокæй рацыд Дзæуджыхъæумæ. Ам Уырыссаг театры (ныры Евгений Вахтанговы номыл академион театр) федта номдзыд уырыссаг поэт Александр Пушкины аргъæуттæм гæсгæ æвæрд спектакль. Сæхимæ куы ныццыд, уæд ыл хуыссæг нал хæцыд. Зæрдиагæй йæ бафæндыд йæ хæлар чызджытимæ хихъæппæрисадон театр саразын. Уымæн æм уæлæдарæсæй æмæ æндæр хъæугæ æрмæгæй фæкаст Ханысиат. Варварæ æмæ йе 'мбæлттæ Хъæрджынты хæдзары (уый сын уыд сæ театры зал) цы сфæлдыстадон фæлтæрæнтæ кодтой, уыдоныл сыхы æмæ садойнæгтæ зæрдиагæй æмбæлдысты. Афтæ Варварæйы фыццаг сфæлдыстадон æнтыст зæрдæагайгæ рауад.

Рæстæг цыд. Варварæ куыд хъомыл кодта, афтæ йæ уд æмæ зæрдæйы тынгæй-тынгдæр сыгъд театралон аивадмæ æгæрон уарзты цæхæркалгæ арт. 1922 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы 5-æм скъоламæ. Ахуырæй уæлдай дзы йæхæдæг сæ бинонты бæлвырд уавæртæ нæ бæстæйы сæйраг горæты ахуыр кæныны фадат нæ раттой. Фæлæ нæ фæтыхст. Ахуыр кæнын райдыдта Дзæуджыхъæуы Уырыссаг драмон театры цур студийы. Ам ын чысыл рольтимæ æмæ адæмон сценæты спектакльты архайынæн уыд гæнæнтæ.

Ирон драмон театры æмбæрзæн фыццаг хатт куы байгом, уæд Варварæйы цинæн кæрон нæ уыд. Чысыл рæстæджы фæстæ йæ райстой Ирон паддзахадон драмон театры æххуысгæнæг къордмæ. Цыбыр рæстæгмæ дзы йæ курдиат зæринхурау сæрттывта. Йæ бар ын-иу кодтой куыд комедион, афтæ трагедион рольтæ дæр. Йæ фыццаг рацыд Ирон драмон театры сценæмæ уыд Александр Островскийы «Æрвнæрд»-ы Кабанихайы фæлгонцы. Уый уыд йæ фыццаг стыр æнтыст. Хиуыл фервæссыны æфсон ын нæ фæци! Островскийы пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектакльты «Æнаххосæй аххосджынтæ»-йы æмæ «Бесприданница»-йы саразта Галчихæйы æмæ Огудаловайы сурæттæ. Уый фæстæ йын бахæс кодтой Максим Горькийы пьесæ «Васса Железнова»-йы сæйраг архайæг Васса Железновайы сурæт. Ам дæр йæ уд æмæ зæрдæйы сфæлдыстадон цæхæр тæмæн скалдта.

Номдзыд актрисæйæн йæ уд æмæ зæрдæйы фидар æмæ арф бынат скодтой ирондзинад, фыдæлты фарн æмæ æгъдау, намыс. Уыдонимæ йæ зонд æмæ мидхъарутæ лæвæрдта стыр уырыссаг культурæ æмæ нæ сылгоймаг Мысырханы сурæт. Йæ фæлгонцы театры сценæмæ рахызт 400 хаттæй фылдæр! Æмæ-иу Мысырханы алы фæзынд дæр аивадуарзджытæн æрхаста ног æмæ ног цин, ног æмæ ног рухс æмæ æхсызгон æнкъарæнтæ.

Одессæйы æмæ Цæгат Кавказы киноисæн студи цы аивадон кинонывтæ иста, уыдонæй дæр цалдæры «Прощайте, коза и велосипед», (Марикъо), «Шарф любимой», (Хабиба) «За твою судьбу» (Шаниат) курдиатджын актрисæ Хъæрджынты Варварæ саразта сæйраг фæлгонцтæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæззау азты Варварæ, куыд Ирон драмон театры бирæ актертæ æмæ режиссертæ, техникон кусджытæ, афтæ зæрдиагæй архайдта фронты фæсчъылдымы. Зæрдиагæй æмбæлд заводты æмæ фабрикæты фæллойгæнджытимæ. Дзырдта сын æхсызгонæй йæ цард æмæ бирæвæрсыг сценикон æнтыстыты тыххæй. Ирон паддзахадон драмон театры цур цы скъола-студи уыд, уым дæр æхсызгонæй куыста суинаг артисттимæ, амыдта сын артисты сфæлдыстадон куысты сусæгдзинæдтæ. 1960 азы Мæскуыйы уыд Ирон аивад æмæ литературæйы декадæ. Уым дæр Варварæйы стыр сценикон курдиатæн аккаг аргъ скодтой нæ бæстæйы аивады дæснытæ æмæ театрдзауты сæдæгай фæлтæртæ. Лæвæрд æн æрцыд УСФСР-йы адæмон артисткæйы кадджын ном. Орден «Кады нысан», Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг 1941-1945 азты хъазуатон фæллойы



рæзта скъоладзауты драмон къорд. Ахуыр ма кодта, афтæмæй Ирыстоны фыццаг профессионалон артист, режиссер, ЦИАССР-йы аивæдты сгуыхт архайæг Тотраты Бесæйы разамындæй Дзæуджыхъæуы байгом сты драмон аивады æхсæзмæйон курсытæ. Варварæ дзы зæрдиагæй ахуыр кæнын райдыдта. Бесæйы руаджы фæхæстæгдæр уд æмæ зæрдæйæ профессионалон театрмæ. Уый тыххæй дзы уыд арфæгонд æмæ бузныг йæ царды кæронмæ.

Варварæ скъола каст куы фæци, уæд кусын райдыдта Садон, Мызур, Уынал æмæ Ходы хъæуты ахуыргæнæгæй. Йæ рухстауæн куыстæй уæлдай зæрдиагæй архайдта Садоны æрзæткъахæнты кусæг фæсивæдæй арæзт драмон къорды. Садоны æмæ хæстæг хъæуты цæрджытæ кæд уыцы равдыстытæм æхсызгонæй кастысты, уæддæр сæ кæйдæрты нæ фæндыд, цæмæй Варварæ профессионалон артисткæ суа, уый. Фæлæ сын Ханысиат иуахæмы афтæ: «Мæ чызг йæ зæрдæ дæтты театры аивадæн æмæ йæ хъыгдарын нæ хъæуы».

Стыр сценикон курдиаты хицау Хъæрджынты Варварæйы фыццаг сфæлдыстадон къахдзæфтæн хорз æххуысгæнæг æмæ йæ разæнгардгæнæг, Тотраты Бесæйæ уæлдай, уыд номдзыд ирон поэт æмæ ахуыргонд, прозаик æмæ драматург Дзанайты Иван (Нигер). Уый йын бæстондæр æргом кодта уырыссаг æмæ дунеон драматургийы, поэзи æмæ прозæйы сусæгдзинæдтæ. Арæх ныхас кодта йемæ стыр уырыссаг артистты сфæлдыстадыл æмæ курдиаты æрмдзæфыл.

1931 азы Мæскуымæ Центрон театралон аивады паддзахадон институтмæ (ГИТИС) æрвыстой ахуыр кæнынмæ æрыгон курдиатджын чызджыты æмæ лæппуты. Варварæйæн бæстæйы мидуаг бæлвырд базонынмæ, Рох дзы нæ уыд дунейы литературæ æмæ аивад дæр. Ирон театрдзауты размæ сæйраг æмæ фæрсаг архайджыты фæлгонцы руаджы стыр уырыссаг, хи ирон æмæ дунейы уæрæх æмæ мидисджын культурæ хаста. Ирон профессионалон театры дæснытæй Варварæйæн уыцы æппæт хорзæхты руаджы бантыст сæдæгай театрдзауты зæрдæты хуымæтæг цæхæрфæд нæ, фæлæ æрдхæрæны сценикон курдиаты æвдисæн фæд ныууадзын. Варварæйæн йæ алы фæлгонц дæр уыд ирон профессионалон театралон аивады æхсызгон цау, æнтыст æмæ хæзна – фæзынд. Æркæсæм дарддæр йæ сценикон фæлгонцты бирæвæрсыг æмæ сфæлдыстадон уагæй мидисджын номхыгъдмæ: Туаты Дауыты «Сидзæргæс» – Нуца, Акакий Цагарели «Ханума»-йы – Ханума, Уруймæгты Езетханы «Знæгтæ»-йы – Сæниат, Мамсыраты Дæбейы «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы – Госæма, Вильям Шекспиры «Къарол Лир »-ы – Гонерилья, Виктор Гусевы «Намыс»-ы – Мотылькова, Александр Островскийы «Митын чызг»-ы – Бобылиха, Фридрих Шиллеры «Мария Стюарт»-ы – Елизаветæ, Токаты Асæхы «Базырджынтæ» – Дзыллæ…

Ацы æмæ бирæ æндæр рольты иу æмæ дыууæ хатты нæ рахызт сценæмæ Хъæрджынты курдиатджын актрисæ Варварæ. Йæ алы фæзынды дæр уыд ныфс, театрдзауты алы фæлтæртæм дæр æгæрон æмæ сыгъдæг уарзт. Ахæм стыр уарзæгой ахаст уыд аивадуарзджытæй Варварæмæ. Никуы сæ ницæмæй фæсайдта, никуы сæ никæй фæхъулон кодта йæ бирæазон сценикон архайды. Буцæн æй «Нæхи Варя» дæр уымæн хуыдтой зæрдæхæлар æмæ хионхуызæй. Туаты Дауыты пьесæ «Пæсæйы фæндон»-ы Варварæ саразта хъæлдзæг, дамдумгæнаг тыххæй», «Кавказ бахъахъхъæныны тыххæй» майдантæ.

Йæ рæстæджы номдзыд режиссер, Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисткæ Брытъиаты Зариффæ афтæ загъта Хъæрджынты Варварæйы сценикон курдиаты тыххæй дзургæйæ: «Варвара Каргинова –гениальная актриса, но ее большой сценический талант не достаточно исследован и не достаточно оценен. Этот пробел нужно исправлять». Раст уыдысты Зариффæйы ацы хъуыдытæ. Хæрзгæнæг хорз хъуамæ йæ афоныл ссара. Фæлæ, фыдæлты æмбисондау, æрæджиауы хорзæх дæр хорзæх у. Æмæ йæ Варварæ дæр ары аивадуарзджыты алы фæлтæрты уарзæгой ахастæй, Хъæрджынты мыггагæй æмæ æхсæнады минæвæрттæй.

Номдзыд актрисæ Хъæрджынты Варварæ йæ цардæй ахицæн 1975 азы 10 ноябры. Зæрдæйы стыр хъыг æмæ кадимæ йæ бавæрдтой Дзæуджыхъæуы Караван сарайы уæлмæрды. Æрæджы Хъæрджынты мыггаджы хистæр Дзамболат равдыста арфæйаг хъæппæрис. Ногæй базылд æмæ саив кодта Варварæйы æнусон бынат. Дзæуджыхъæуы 1930-1975 азмæ йæ номдзыд æрвадартисткæ цы хæдзары цард (Дзанайты Иваны номыл уынджы) уым 18-æм хæдзары къулыл кадджын уавæры 15 сентябры (дыццæджы) Варварæ æмæ йæ фыд Савелийæн байгом кодтой мемориалон фæйнæг.

Æрæджы та ма зындгонд этнограф, рухстауæг, дохтыр æмæ æхсæнадон архайæг Хъæрджынты Савелийæн æмæ йæ чызг, номдзыд актрисæ Варварæйæн сæ фыдæлты уæзæг Уæллаг Мызуры, Хъæрджынты Дзамболаты æхцайы фæрæзтæй, æвæрд æрцыд иумæйаг аив цыртдзæвæн.

**ГАСАНТЫ Валери**

Нæ горæты парчы

# Ирон нывтæ

**Цынæхуызон нывтæ фенæн ис, Дзæуджыхъæуы Центрон паркæй фысым-уат «Владикавказ»-мæ Терчы сæрты хидыл цæугæйæ. Сæ авторты бæрæг дæр не сты, фæлæ сæ цæст уайтагъд ацахсы.**





Алыхуызон хæххон нывтæ рæсугъд хуызджын ахорæнтæй нывæзт. Алы нывмæ дæр лæмбынæг кæсгæйæ дæ рæстæг, цыма дугты сæрты ахаста, афтæ кæсы адæймагмæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, туристтæн сæ равæрынц фылдæр, цæмæй сæ æлхæной Дзæуджыхъæуы зæрдылдарынæн. Нывтæ æгъдæуутты чиныджы æнгæс сты. Бæрæгбон, къаты бон, æрдзы, бинонты цардыуаг æмæ бирæ æндæр темæтыл фыст æнæзонгæ авторты куыстытæ бæрæг дарынц сæ аивадон жанртæй. Ахæм ныв ирон хæдзары къулыл дæр бакæн æмæ йæм алы бон дæр цымыдисæй, зæрдæрухсæй кæс.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

Рагон цаутæ

# Гисойы хабæрттæ

**Мырзаганты Махарбег нæм редакцимæ арæх цыдис. Уæлдайдæр ма куы базыдта æз куырттатаг хæрæфырт дæн, уæд ын уый та уæлдай æхсызгондæр уыд. Махарбег цæргæбонты милицæйы фæкуыста сыбираг горæтты, фæлæ Ирыстон, йæ фыдыуæзæг рох никуы кодта. Нæ фыдæлты царды хабæрттæ, фольклор æмæ æгъдæуттæ афтæ бæлвырд зыдта, æмæ-иу æм адæймаг хъусынæй не 'фсæст.**

Йæ фыд Уанейы тыххæй чиныг куы цæттæ кодта, уæд уырдæм бахаста иууылдæр йæ мысинæгтæ, мæнæн кæй радзырдта, уыдонæй та æз тынгдæр мæ зæрдыл бадардтон Махарбегæн йæ фыды фыдыфыд Гисойы цымыдисаг хабæрттæ. Махар куыд дзырдта, афтæмæй Гисо фæцард 167 азы. Абон дæр йæ цырт рагон къæйдурæй конд лæууы Хæрисджынæй Хилакъгомы 'хсæн фæндаджыбыл.

– Мæ фыдæн йæ кæстæр æфсымæр Сахъман ма æрæййæфта Гисойы. Сахъман йæхæдæг 1900 азы гуырд уыдис. Гисо райгуырд 1746 азы, йæ цардæй та ахицæн 1913 азы. Сахъманæй фехъуыстон ацы хабар. Цæвиттон, Мырзаганты Джена æмæ Тепсарыхъо Еглауы зæххытæ балхæдтой – 900 дæсæтины. Гисойæн æй æппæлæгау ракодтой, æнхъæл уыдысты æмæ уымæн уыцы базар йæ зæрдæмæ фæцæудзæн, зæгъгæ. Фæлæ сæм Гисо лæмбынæг байхъуыста, стæй сын загъта: «Бæргæ хорз хъуыддаг сарæзтат, фæлæ уын хорзæй нæ ахицæн уыдзæн. Ацы власт тагъд рæстæджы ивгæ кæндзæн æмæ бирæ фос, стæй зæххытæ кæмæ уа, уыдон æфхæрд æрцæудзысты. Уымæ гæсгæ, фæстæмæ ацæут æмæ уæ зæххытæ ауæй кæнут. Цы гæнæн уыд Джена æмæ Тепсарыхъойæн. Фæстæмæ ауæй кодтой уыцы зæххытæ: фæйнæ ссæдз дæсæтины Гæбуатæн, Елхъанатæн, Цоколатæн, Мсойтæн, Хестантæн, Джелытæн, Хæдарцатæн æмæ Гæджынатæн. Фæйнæ фынддæс дæсæтины та Цгъойтæн, Токатæн, Гусатæн, Дзанæгатæн æмæ æндæртæн. Хистæр фæлтæры ныхæстæм гæсгæ, Гисо дзырдта, æрцæудзæн, дам, ахæм рæстæг æмæ Кавказы хæхтыл дыууæрдæм рог хæдтулгæтæ цæудзысты. Фыдыбæстæйы Стыр хæст уыдзæн, уый дæр базыдта. Уæрæсе, дам, фæуæлахиз уыдзæн, фæлæ дзы тынг бирæ адæм фесæфдзæн.Сахъман, йæ фыд Хъамболат æмæ иннæтæ-иу дис кодтой, куыд æгъдауæйиу базыдта Гисо, цы 'рцæудзæн, уый.

Хилачъы Гуытъиаты хъæуæй Хæрисджыны астæу ис Гуытъиаты Тыркайы хуым. Уый у дзæбæх ран. Ис дзы хуымгæнæн, хосгæрдæн æмæ фосхизæн бынæттæ. Гисо йæ кæстæртæн бабар кодта, ацæут Тыркайы хуыммæ нæ фос батæрут æмæ уым хизой, зæгъгæ. Æмæ Гуытъиатæ та цы зæгъдзысты, афарста Гисойы бинонты кæстæр. – Ацæут æмæ уын куыд загътон, афтæ кæнут, Гуытъиатимæ мæхæдæг дзурдзынæн, – дзуапп радта Гисо. Гуытъиатæ сæ хъаст пъырыстыфмæ бахастой. Пъырыстыф уæрдоныл бацыдис Тыркайы хуыммæ, цæмæй хъуыддаг




равзара. Гисойы уым баййæфта æмæ йæ фæрсы: «Ды Тыркайы хуымы дæ фос цæмæн хизыс?. Гисо йæхи мæстыхуыз скодта, йæ къухтæ батымбыл кодта, йе 'рфгуытæ арц слæууыдысты, афтæмæй пъырыстыфмæ хæстæг бацыд: « Зæгъ-ма, кæй зæххытæ сты? Пъырыстыф Гисойæ тæрсгæйæ уæрдоны алыварс зилы. Гисо та йæм ноджы хæстæгдæр балæууыд æмæ йæ тызмæгæй фæрсы: «Зæгъ-ма кæй зæххытæ сты? Пъырыстыф дзы бынтондæр фæтарст æмæ йын афтæ бакодта, абонæй фæстæмæ, дам, дæу зæххытæ. Афтæ Тыркайы хуымы зæххытæ Мырзаганты баисты. Абон дæр æй адæм Тыркайы хуым – Мырзаганты уæтæртæ хонынц.

Иу цалдæр азы размæ Хъæстуаты булкъон газет «Рæстдзинад»-ы фыста: «Мырзаганты Гисо фæцардис сæдæ азæй фылдæр, цавæрдæр тых æм лæвæрд уыдис Хуыцауæй. Уый фæдзæхста, зæгъгæ, дам, куы амæлон, уæд сылгоймæгтæ æхсæв мæ разы ма бадæнт. Куы амард 1913 азы, уæд нæлгоймæгтæ Гисойы ныхас фехъусын кодтой сылгоймæгтæн. Уыдонæн сæ къæйныхдæр афтæ: «Гисо уый загъта, æгас ма куы уыд, уæд, фæлæ ныр мард у æмæ мах йæ разы æхсæв баддзыстæм. Хæдзары сыгъдис сойын цырæгътæ. Дымгæ дæр нæ уыд, афтæмæй фæсæмбисæхсæв цырæгътæ иууылдæр ахуыссыдысты. Сылгоймæгтæ хъæргæнгæ, тарстæй талынджы фæйнæрдæм лыгъдысты. Нæлгоймæгтæ сæм дзурынц: «Нæ уын загътам Гисойы фæдзæхст, фæлæ йæ нæ сæххæст кодтат æмæ уын кæй аххос у, зæгъгæ. Иунæг сылгоймаг дæр Гисойы размæ æхсæвы нал бацыд. Йæ разы бадтысты æрмæстдæр нæлгоймæгтæ».

Гисойы тыххæй дзырдтой, зæгъгæ, баст уыдис хæйрæджытимæ, стæй йын уыдонæй ус уыдис. Томайты Ахъмырзæ фæцардис сæдæ азæй фылдæр. Цардис Куырттаты комы Къорайы. Арæх-иу дзырдта ахæм хабар: «Æз уыдтæн гыццыл лæппу, афтæмæй мæ хистæртæ арвыстой Гисомæ, цæмæй иумæ æртæ кæрдзыны скуывтаиккой. Гисо мын афтæ, цу, уал, æз дæр дæ æййафдзынæн. – Мæнæн хæдзары афтæ загътой, демæ-иу æй ракæн.

– Ацу дын зæгъын, мæнæн мемæ æмбæлттæ ис, – схъæр мыл кодта Гисо. Къора æмæ Хæрисджын сты хохы фахсыл. Къорамæ фæндаг цæуы Уæлгъæуыл, стæй Никъусайыл. Уыдис дзы хорз уæрдонвæндаг, ныртæккæ та дзы машинæтæ дæр цæуынц. Æнæ Гисо нæхимæ куы ссæуон, уæд мæм хистæртæ загъд кæндзысты, зæгъгæ Хæрисджыны хъæугæрон бамбæхстæн. Кæсын æмæ мæнæ Гисо æрбацæуы. Æз фестадтæн æмæ йæ размæ рауадтæн. Уый мæ куы ауыдта, уæд мыл фæхъæр кодта, æз, дам, дын афтæ нæ загътон, мæнæн æмбæлттæ ис, уæд мæм цæуылнæ хъусыс. Æз лидзæджы фæдæн. Бамбæхстæн Хъилдуры фæстæ, кæсын æмæ Гисо фæндагыл нæ, фæлæ йæхи æмраст Къорайы 'рдæм саразта, йемæ цæуы бирæ адæм фæндырæй цæгъдгæ. Æз фæтарстæн æмæ хъæумæ лидзынмæ фæдæн. Гисо куы æрбахæццæ нæ хæдзармæ, уæд йемæ цы адæм уыд, уыдон цыдæр æрбаисты.

Ахæм хабар дæр ма дзырдтой, Къарджиатæ Хидыхъусы мæсыджы рæбын цардысты. Иу хатт бинонтæ сæ хæдзарæй лидзæг фесты. Сыхæгтæ сæ фæрсынц, цы 'рцыдис, æд сывæллæттæ уæ хæдзарæй цæмæн лидзут, зæгъгæ. Уыдон тарстæй радзырдтой, дæлимонтæ, дам, нæ нæ хæдзарæй ратардтой. Уæд Гисойы агурынтæ райдыдтой, уый йеддæмæ Къарджиатæн ничи баххуыс кæндзæн, уый зыдтой. Уыцы рæстæг Гисо быдыры хор ласынмæ уыд æмæ куы æрбацæйцыд, уæд Къарджиатæ йæ размæ рацыдысты æмæ йын лæгъстæ кæнынц: «Фервæзын нæ кæн, нæ хæдзарæй нæ дæлимонтæ фæсырдтой. Гисо фæллад уыд, фæлæ сын сæ куырдиатæн дæр æнæ дзуапп ратгæ нæ уыд. Уæрдонæй рахызт, йæ сау нымæт райста æмæ бацагуырдта бæрзы къалиутæй быд уисой. Куы йын æй æрбахастой, уæд æй нымæты бын бакодта æмæ Къарджиаты хæдзармæ бацыд. Сыхæгтæ æмæ хъæубæстæ цымыдис фесты. Иууылдæр кæсынц æмæ дын Гисо хæдзары астæу нымæты бын уисой бакодта, нымæтыл æрбадт æмæ хъæрæй дзуры: «Рацæут æмæ симæм! – Афтæ цалдæр хатты. Гисомæ ничи цыд, уæд цалдæр номы ранымадта, цыдæр диссаджы нæмттæ. Уайтагъд хæдзар адæмæй айдзаг. Райхъуыст фæндыры цагъд дæр. Уæд Гисо нымæты бынæй уисой фелвæста æмæ сæ уымæй нæмын райдыдта. Адæм лидзынмæ фесты æмæ сæм Гисо дзуры, ацы хæдзары, дам, уæ къах дæр куыд нæуал уа, афтæ. Уыйфæстæ рацыд æмæ Къарджиатæм дзуры, рацæут æмæ уæ хæдзары æнæмæтæй цæрут, – дзырдта йæ фыдæлты рагон хабæрттæ Махарбег.

Рагон адæм æнахуыргонд, талынг уыдысты. Уæд нæ уыд машинæтæ, рухсытæ æмæ адæймаг мæйдары йæ аууонæй дæр тæрсгæ кодта. Афтæ йæм каст æмæ чидæр у. Æндæр абон цы фесты, уыцы дæлимонтæ, бирæ хабæрттæ кæимæ баст сты, уыцы фæстæмæзæвæтджынтæ? Уæддæр адæймаджы цымыдисыл æфтауынц, уыцы хабæрттæ. Алы нацимæ дæр йæхи фольклор, æмæ уырнæнтæ ис. Нæ рагфыдæлтæ куы нæ æрхъуыды кодтаиккой Нарты кадджытæ, Дарæдзанты таурæгътæ æмæ бирæ æндæр аргъæуттæ, кадджытæ æмæ талынг тыхтæ, уæд абон цæуыл дис кæниккам, цæмæй раппæликкам иннæ адæмтæн нæ ивгъуыды хъæздыг истори æмæ традицитæй?

Мырзаганты Гисойы цырт æз дæр федтон. Акъул ис иучысыл, фæлæ йæм адæмы къахфвæдтыл кæрдæг нæ зайы. Чидæриддæр ауылты цæуы, уыцы фæндаггонтæн цымыдисаг вæййы ацы тынг рагон объект æмæ йæм цымыдисæй бирæ фæкæсынц.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Алагиры районæй**

# Инспекторты фембæлд скъоладзаутимæ



**Алагиры районы фæндæгтыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы уæнгтæ æхсызгонæй бацархайдтой фыццагкъласонты кадæн конд хъуыддаджы.**

Ахъуыды кæн, уæд ног ахуыры аз фæндæгтыл тынг бирæ сабитæ фæзыны. Иуырдыгæй ныййарджытæ сæ кæстæрты цинæй райгонд вæййынц, фæлæ сæ æдасдзинады фарста ахсджиаг у ахуыргæнджытæ æмæ автоинспектортæн. Ома уæлдай бæрнондзинад æнкъарынц. Сæрд-сæрды дæргъы сывæллæттæй, сæ фæллад уадзгæйæ, фæндæгтыл æдасæй цæуыны фæтк ферох уыдаид. Уымæ гæсгæ сæм инспектортæ ‘рбацыдысты рагацау.

Тынг зæрдæбын рауад фембæлд. Фæндæгтыл æдасæй цæуынц инспектортæ, фыццагкъласонты районтой фистæгцæуджыты рæнхъытæм. Алагиры 2-æм скъолайы фыццагкъласонтæн ахæм æхсызгон хабар сæ зæрдæмæ фæцыд. Хъуыддаг æрмæст фæндаггон нысантæ, рухснысаны (светофор) рухсытимæ базонынимæ баст нæ уыд, фæлæ фæндагыл змæлды культурæ æмæ фæткимæ.

Сæ ахуыры фæндагыл чи ‘рлæууыд, уыдон скъолайы сæрæн архайджытимæ хъазæн хуызы æвзæрстой, фæндаджы сæрты раст куыд ахизын хъæуы, æдасæй куыд ис цæуæн, уыдæттæ. Фистæгцæуджыты рæнхъонтæ фæстагмæ ард бахордтой, ома, кæддæриддæр лæмбынæг уыдзысты фæндæгтыл цæугæйæ. Паддзахадон инспекцийы уæнгтæ сывæллæттæн арфæ ракодтой сæ ног хæсты тыххæй, ахуыры æнтысджын уæвын сын сæ зæрдæтæ загътой.

Цæмæй ацы рæсугъд хъуыддаг бантыса, уыл бацархайдта скъолайы директоры уынаффæгæнæг **Цыхуырбаты Ланæ.** Фембæлд ахицæн практикон архайдæй, сывæллæттæ равдыстой, фæндаджы сæрты куыд раст хизын хъæуы, уыдæттæ.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

**Барад**

# Ахст æрцыд паддзахадон гадзрахаты тыххæй

**Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы кусджытæ баурæдтой Уæрæсейы Федерацийы 54-аздзыд гражданины барады ныхмæ архайды тыххæй. Уый, украинаг сæрмагонд службæйы амындмæ гæсгæ, Дзæуджыхъæуы арт бандзæрста бастдзинады сотон операторы базон станцæйыл.**

**Управленийы слестгæнæн дæлхайад дызæрдыджы бахауæгыл фыдракæнд саразыны фæстиуджытæм гæсгæ байгом кодта уголовон хъуыддаг, уый та УФ-йы УК-ы 275-æм статьямæ гæсгæ амоны «Паддзахадон гадзрахат».**

**Дызæрдыджы бахауæгæн хаст æрцыд æхсæнадæй йæ фæхицæн кæныны мадзал æрцахсыны хуызы.**

**Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы
РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ**

**Культурæ**

# Липецкаг театр – Ирыстоны

**Дзæуджыхъæумæ гастрольты ссыд Лев Толстойы номыл Липецкы драмæйы академион театр. Цыппар боны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры цæудзысты дунеон æмæ уырыссаг классикты пьесæтæм гæсгæ æвæрд хуыздæр спектакльтæ «Ученик колдуна», «Гамлет», «Онегин» æмæ «Обломов». Гастрольтæ райдайдзысты спектакль «Ученик колдуна»-йæ.**

Хъæздыг истори ис, 105 азы кæуыл сæххæст, Лев Толстойы номыл дунейы иунæг ахæм театрæн. Йæ сæргъы лæууы Юрий Итин – Уæрæсейы культурæйы сгуыхт кусæг, педагогон наукæты доктор, профессор, ГИТИС-ы бирæ рæстæг бакуыста ахуыргæнæгæй, уыд Ярославлы зæронддæр театртæй иу – Волковаджы разамонæг. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, театр Толстойы ном кæй хæссы, уымæй сыл уæлдай хæс æвæрд ис, бæрнон дзинад драматургион уацмыстæ æвзаргæйæ, Толстойы дунейы фæткæвæрдыл æнæфæцудгæ хæцын. Алы рæстæджыты драмæйы театры сценæйыл хъазыдысты аивады дæснытæ: Всеволод Мейерхольд, Вера Комиссаржевская æмæ Василий Качалов. Нæ рæстæджы академион театры актерты сфæлдыстадимæ ныр хæстæгдæр базонгæ уæвын уыдзæн фадат ирыстойнаг театрдзаутæн дæр.




Ацы изæр коллектив сæ размæ рахæсдзæн философон æмæ мистикон аргъау – хорздзинад æмæ фыддзинад, рухс æмæ талынг, царды фæткæвæрд равзарын æмæ хъомылады фарстатыл. Арф хъуыды, сусæггаг æмæ кæлæнтæй дзаг сценикон архайдæй дзаг у спектакль. Шекспиры Гамлеты истори чи нæ зоны, ахæм адæймаг стæм разындзæн нæ царды, липецкаг сценографийы хицæн æууæлтæ æмæ актерты тыхджын хъазт, режиссеры хи цæстæнгас пьесæмæ – æппæт уыдæттæ хъуамæ йæхи цæстæй фена театрдзау.

Актер æмæ режиссер Евгений Азмановы сфæлдыстадон проект «Онегин» баст у Пушкины юбилейон азимæ. Спектакль зонгæ сюжет æндæры ‘рдыгæй æнæнхъæлæджы байгом кæны æмæ райхалы, уырыссаг царды энциклопедийы хрестомати нæ, фæлæ уацмысы сæйраг хъайтары боныг. Сæйраг ролы хъазы Азманов йæхæдæг. Спектакль цæудзæн 19 сентябры Ирон театры.

Липецкæгты цыппæрæм сценикон куыст у Гончаровы роман «Обломов»-мæ гæсгæ æвæрд спектакль. Цъæхснаг уарзты истори, æнæ сæххæстгæнæнтæ æмæ зынбазонæн уырыссаг удыхъæды тыххæй спектакль иртасы æмæ æргом кæны царды ахæм фæзынд, куыд «обломовщина». 20 сентябры Ирыстоны театрдзауты хонынц ацы спектакльмæ. «Большие гастроли»-йы программæмæ гæсгæ Ирон театры коллектив 24-28 сентябрмæ гастрольты уыдзæн Липецкы. Ахæм мадзæлттæ национ артдзæстытæн фадат дæттынц се сфæлдыстадон бастдзинæдтæ æнгомдæр кæнынæн, сæ фæлтæрддзинадæй кæрæдзийæн хай кæнынæн, театрдзауты зæрдæтæм театралон дунейы иу хай хæссынæн.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Рагон къамтæ дзурынц**

# Æнусты фæлмæй



**Рагон къамтæ нæ сæхимæ здахынц, комкоммæ нæ æдзынæг ныккæсын кæнынц рагон адæмы цæсгæмттæм æмæ нæ хъуыдытыл бафтауынц. Хатт нæм æрбайхъуысы сæ царды уынæр, сæ зæрдæты цæф: цæмæ тырныдтой, цæуыл уыд сæ сагъæс, сæ катай. Уæд дæр æмæ ныр дæр нæ алкæмæн дæр йæ каст уыд æмæ у фидæнмæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, æвзæры нæм фарст: "Цы уыдзæн нæ фидæн? Нæ фæстæ цы фæлтæртæ уа, уыдоны цардыуаг, зондахаст æмæ æгъдау куыд фæивдзæн". Æмæ нæм сæвзæры бæрнондзинады æнкъарæн, цæмæй сæ разы къæмдзæстыг ма уæм, уымæ нæ сразæнгард кæнынц.**

**Ацы къам нæм æрбахаста Хадыхъаты Светланæ. Зоны дзы æрмæстдæр иу адæймаджы – йæ фыдыфыд Хадыхъаты Еналды, рахизырдыгæй лæууы дыккаг. Иннæтæй кæд исчи искæй базона, уæд нæм ныффыссæд газетмæ.**

**Хадыхъатæ Фарныхъæумæ (1922 азы) ‘рлыгъдысты Хохы Санибайæ. Къам ист æрцыд бæлвырдæй Октябры революцийы агъоммæ. Ууыл дзуры, къамы чи ис, уыдоны уæлæдарæс. Æмæ дзы, æвæццæгæн, сты фылдæр Саниба æмæ Хохы Дæргъæвсы зылды уæды цæрджытæ, чи зоны, Турчы хæсты архайджытæ.**

**Хадыхъаты Еналды райгуырд 1885 азы. Уыд Дзампаты хæрæфырт, Дзгойты сиахс, рантыст ын иу лæппу æмæ дыууæ чызджы. Уыдоны цотæй у Светланæ.**

**Нæ иузæрдион газеткæсджытæ**

# Алцæмæн дæр ис гæнæн

**«Нæ уарзон, нæ ныфсы газет «Рæстдзинад»! Дæ рæвдыдæй хайджын уыдысты нæ буц хистæртæ, мах дæр дзы хайджын стæм. Фыссыс нæ адæмы цин æмæ хъыгыл, аивад, литературæ æмæ культурæйыл, нæ рагфыдæлты лæгдзинадыл, мадæлон æвзаджы хъысмæтыл.**

Абоны зын рæстæг архайыс адæмты иудзинад фидар кæныныл.

Фадат дæттыс ахуыргондæн, кусæг лæгæн æмæ хæдзары ‘фсинæн дæр сæ хъуыдытæ, сæ сагъæстæ дзыллæйы раз барджынæй ракæнынæн.

Мæхæдæг райгуырдтæн Црауы 1937 азы. Мæ райгуырæн хъæуы 1955 азы скъола каст фæдæн. Ныр 60 азы бæрц Црауы нæ цæрын, фæлæ кæмфæнды дæр æз сæрыстырæй мæхи црайуаг лæппу хонын. Бирæ рæстæг «Севоспроект»-ы сæйраг конструкторæй фæкуыстон, паддзахад аккаг аргъ скодта мæ фыдæбæттæн, раттой мын Цæгат Ирыстон æмæ Уæрæсейы сгуыхт аразæджы кадджын нæмттæ дæр. Царды фæндæгтæ мæ бирæ рæттæм фæхуыдтой, кæмдæриддæр-иу мысыдтæн нæхи Црауы уынгтæ.

Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы мæ хъæуккаг Томайты Людæ сагъæсгæнгæ фыста, зæронд скъолайы бынаты, дам, фæсивæдæн аргъуан нæ, фæлæ спортивон зал саразæм, зæгъгæ. Мæнæн дæр зынаргъ сты, цы къултæ ма дзы баззад, уыдон, ноджы ма сыл æххæст кæны 100 азы. Хæст ма цыдис, уæд 1944 азы сарæзтой скъола. Мах дæр хъуамæ фыццæгæм къласмæ бацыдаиккам, фæлæ нын ахуыргæнæг не ссардтой. Дыккаг аз нæм æрбацыд æрыгон Баскаты Цымырзы чызг Елизаветæ уыд нæ фыццаг ахуыргæнæг райдайæн къласты. Бирæты нæ ахуыргæнджытæй æхсызгонæй æрымысын.

Ацы хабарыл 10 азы бæрц рацыд. Нæ хъæуккаг Хъайттаты Гаппойымæ фембæлдыстæм, æцæг патриот, ахæм лæгтæ нæм бæргæ фылдæр куы уаид. Аласта мæ Цраумæ, мæхи номæй скодтон проект нæ спортивон галуанæн. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, 431 квадратон метры бæстыхайы хъуамæ уыдаид уæгъдибар хъæбысхæст, волейбол, баскетбол, минифутбол æмæ теннисæй хъазынæн гæнæнтæ. Йæ бынат – Ленины уынджы, Культурæйы хæдзары фарсмæ.

Уымæй размæ ахæм спортивон зал сарæзтой Хæдарцаты æфсымæртæ Суададжы. Бабæрæг æй кодтам, æмæ мах нæ проектмæ хуыздæр ивддзинæдтæ бахастам.

Йæ рæстæджы бирæ фæсивæд амондджын къахдзæф кæцæй ракодтой, уыцы скъолайæ ма абон баззад æрмæст къултæ, хъомтæ дзы ривæд кæнынц. Гыццыл æм цырд фæлæуын хъæуы, æмæ бæстыхай сыръзид, йæ фарсмæ та йын аргъуан дæр цæуылнæ ис саразæн. Алагиры районы хъæутæй æрмæст Бирæгъзæнджы ис чырыстон аргъуан.

**ФАРДЗИНТЫ Григори**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Сезонная, омолаживающая, формирующая обрезка плодовых и декоративных культур. Работает профессионал! Тел.: 8-928-856-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**В целях обеспечения права граждан на личное обращение по месту жительства Управлением Президента Российской Федерации по работе с обращениями граждан и организаций во втором полугодии 2026 года проводятся приемы граждан с использованием передвижных комплексов мобильной Приемной Президента Российской Федерации, выезжающих в соответствующие населенные пункты.**

**В рамках работы передвижного комплекса мобильной Приемной Президента РФ 24 сентября с 10:00 до 17:00 в ст. Николаевская Дигорского района состоится прием граждан в режиме видео-конференц-связи.**

**Адрес размещения передвижного комплекса: ул. Партизанская, д. 15, возле здания Администрации сельского поселения.**

**При себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность (паспорт).**

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек); 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**





Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1025. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**